Jesu munhu anodiwa nekuyemurwa nehuhwandu hunokwana zviuru nezviuru pasi rose asi paine kusagudzikana maererano nechimiro chake chakakura ichi. MaMuslim neMakristu vose vanoisa Jesu pachinzvimbo chepamusoro asi vaine maonero akasiyana

Zvinyorwa zvino zviripo pakutsanangudza nyaya dziri maererano naJesu: Jesu akange ari Mwari here, kana kuti akatumwa naMwari? Ko Jesu chaiye wemunhoroondo ndiani?

## "JESU SAMWARI"

Vamwe veChikristu vanoti: "Jesu ndiye mwari" kana kuti mumwe wevamwari vatatu – uye kuti ndiye mucherechedzo waMwari panyika, uyezve kuti Mwari vakauya pasi pano vari semunhu. Naizvozvo maererano neBhaibheri, Jesu akazvarwa, akadya, akarara, akanamata uye akange aine ruzivo rwakaganhurwa – zvimiro zvese izvi zvisangaenderane naMwari. Mwari anechimiro chakakwana chinosiyana nemunhu. Ko, chinhu chimwechete chingave nezvimiro zvivirir ?zvakasiyana chaizvo panguva imwe chete here, sei

Islam inodzidzisa kuti Mwari akarurama. Kutenda kuti Mwari akava munhu, kutaura kuti Mwari akambenge asina kururama. Mukristu anofanira kuzvibvunza oga kuti iyo pfungwa yamwari aimbenge ari mucheche asina simba, asingakwanise kuzvibatsira, asingakwanise kurarama pasina zvekudya, zvekunwa kana kurara, ova zvakare mumwecheteyo Mwari Samasimba akatsanangudzwa .mutestamende rekare? Chokwadi kwete

Mumwe munhu anokwanisa kubvunza kuti: "Kana Mwari achikwanisa kuita zvose zvose, angatadze sei kuva munhu?" Patsanangudzo, Mwari haaite mabasa asiri ehumwari. Mwari haaite chinhu chekuti chinomuita kuti ave chinhu chisiri Mwari. Kana Mwari akava munhu uye akatora chimiro chemunhu, .zvinoreva kuti akange asiri Mwari

Pane dzimwe ndima dzemubhaibheri dzinodzimaidza dzinokwanisa kushandiswa pakuda kuratidza kuti Jesu neimwe nzira akange aine Humwari paari. Asi tikatarisa mundima dzebhaibheri dziri pachena, tinoona kuti Jesu anenge achitorwa semunhu akati siyanei nevamwe pasina zvimwe. Bhaibheri rine ndima dzakawanda apo Jesu anotaura uye achiita sokunge Mwari mumwewo kwete iye, :semufananidzo

- Jesu "**akawira pasi nechiso chake akanamata…**" (Mateo 26:39). Kana Jesu akange ari Mwari, saka zvinoita here kuti Mwari awire pasi nechiso chake achinamata? Uye anenge achinamata ani?
- Bhaibheri rinosheedza Jesu kuti Muporofita (Mateo 21:1011-), saka Jesu anganzi Mwari uye Muporofita waMwari panguva imwecheteyo here?
- Jesu akataura kuti: "ndirikuenda kuna Baba; nokuda kwekuti Baba vakuru kudarika Ini." (Johani 14:28)
- Jesu akataura kuti: "**ndiri kukwira kuenda (kudenga) kuna Baba vangu uye naBaba venyu, kuna Mwari wangu uye Mwari wenyu…**" (Johani 20:17) Kana Jesu akange ari Mwari, saka aizotaurirei kuti: "kuna Mwari wangu uye naMwari wenyu…" uyezve aikwira kuenda kudenga kunaani?

Dai Jesu aive Mwari, aifanira kutaurira vanhu zviri pachena kuti vamushumire, uye pangadai paine ndima dziri pachena dzinotaura izvozvo, asi iye akaita zvinopesana naizvozvo uye akaramba vose vaimushumira: "mune zvisina maturo vanondinamata Ini…" (Mateo 15:9)

## "MWANA WAMWARI"

Vamwe veChikristu vanoti Jesu ndiye Mwana waMwari. Izvi zvinonyatsorevei chaizvo? Chokwadi Mwari vari kure chaizvo kuti vanzi vane mwana wavakabereka. Vanhu vanozvara vana vanhuwo. Kitsi dzinozvara mangoyi saka zvinorevei kana zvichinzi Mwari vane mwana?

> *"Il ne convient pas à Allah de s'attribuer un fils. Gloire et Pureté à lui! Quand il décide d'une chose, il lui suffit de dire: "Soit ! " Et elle est."*
> *Coran 19:35*

Tisingade kutarisa mashandisirwo aro pamutauro, tinoona kuti shoko rekuti "Mwana waMwari" rinoshandiswa semucherechedzo mumutauro webhaibheri wekare kune "vanhu vatsvene" Uye rakashandiswa kuna Davidha, Soromoni, uye naIsrairi – tisingasiye iye Jesu. "Israiri idangwe rangu…" (Exodo 4:22). Kunyange hazvo zvakadaro, munhu mutsvene wese anonzi mwana waMwari: "Vose vachatungamirirwa nemweya waMwari ivavo vanakomana nevanasikana vaMwari…" (VaRoma 8:14).

## "BABA UYE TENZI"

Nenzira imwecheteyo, kana izwi rekuti 'Baba' rashandiswa richireva Mwari harifanire kutorwa semashandisirwo arinoitwa pamitauro yedu. Asi kutoti inzira yekutaura kuti Mwari ndivo Musiki, Muraramisi, Samasimba wezvose. Kune ndima dzakawanda dzinoita kuti tikwanise kunzwisisa zvinoreva izwi rokuti 'Baba', semufananidzo: "Mwari mumwechete uye Baba vezvose…" (Ephesians 4:6)
Jesu dzimwe nguva aisheedzwa achinzi 'Tenzi' nevadzidzi vake. Izwi iri rakashandiswa mururimi chairwo rweBhaibheri, richireva Mwari uye richireva vanhu vane zvinzvimbo zveruremekedzo. Semufananidzo, muTestamende itsva rechiGreek, izwi rekuti Kyrios rakashandiswa richireva 'Tenzi' uye richireva muridzi webindu remazambiringwa (Mateo 20:8), uye richireva tenzi uya akarova muranda akange asingateerere (Ruka 20:4247-)

Mune zvimwe zvikamu zveBhaibheri, Jesu anosheedzwa kunzi 'Muranda' waMwari nevadzidzi vake: "**Mwari wavana baba vedu, varopafadza Muranda wavo Jesu…**"(mabasa 3:13). Izvi zvinoratidza pachena kuti pose panoshandiswa izwi rekuti 'Tenzi' vachireva Jesu, kunenge kuri kumuremekedza kwete kuti atova Mwari.

Kwakamboedzwa kutsanangudzwa nezvekuoma kwakaita nyaya iri pamusoro iyi, chimiro chaMwari uye nechimiro chaJesu, izvo zvinokwanisa kuva zvinoita kuti munhu ave anokanganisika kana kusagutsikana. Naizvozvo chinhu chatinofanira kufungisisa nezvacho ndeichi: sei Mwari vakaita kuti zvive zvinonetsa kunzwisisa? Tingafananidze sei dzidziso dzakadai kuomarara neidzo dziri nyore kunzwisisa, dziri pachena uye dzakajeka maererano nezva Mwari mulslam?

## JESU: MUPOROFITA

PachiJudha, Jesu (Rugare Ngaruve Kwaari) vanomuramba kuti ndiye Akazodzwa. Saka izvi zvinopesana zvikuru nekuChikristu kwaano namatwa saMwari kana kuti mwana waMwari. Islam inotora nzira iripakati uye ichigamuchira kuti Jesu Muporofita waMwari anoremekedzeka uye Mutumwa waMwari, uyezve akazodzwa, asi maMuslim havamushumire – sezvo anofanira kushumirwa chete ndiMwari mumwechete uyo akasika Jesu nezvese zvinorarama.

> *"(Jesu) akati: 'Zvirokwazvo, Ini ndiri muranda wa Allah (Mwari). Akandipa Ini vhangeri uye akandiita Muporofita …"*
> *Korani 19:30*

## KUZVARWA NENZIRA YEMUNANA

Maererano neKorani, ngirozi yainzi Gabrieri yakatumwa kuna Maria, mhandara inoremekedzwa, ngirozi iyi yakauya iri semunhu, kuzotaurira mhandara iyi nezve mwana aizozvarwa nenzira yemunana asina baba.

> **"(Ngirozi yainzi Gabrieri) yakati, 'ndiri Mutumwa chete wa Tenzi vako kuzokutaurira nezve chipo chemwana mutsvene', Iye akati, 'Ko, ndinga zvare sei mwana ndisina murume wandasangana naye, uye handina kubvira ndakaita upfambi', Iyewo akati, 'Zvichaitika saizvozvo, ndizvo zvataurwa naTenzi wako vachiti, 'Izvozvo zviri nyore kwazvo kwandiri, uye tichamuita mucherechedzo mukuru kuvanhu, uye nyasha kubva kwatiri, wakava murairo wakatarwa…"**
> **Korani 19:19 – 21**

Vamwe vanoti kuzvarwa kwake nenzira yemunana iyi, chiratidzo chekuti ndiye Mwari. Naizvozvo, Jesu haasi wekutanga kuwanikwa panyika asina baba chete, sezvo Muporofita Adhamu (Rugare Ngaruve Kwaari) uyo akatanga kuvapo kare akange asina baba kana amai. Mwari vanoti

*"Mufananidzo waJesu pamberi paMwari ndeuwo waAdhamu; akamusika (iye Adhamu) kubva mu ivhu ndokuti kwaari: 'Ivapo' akavapo. Ichi ndicho chokwadi kubva kuna Tenzi wenyu, naizvozvo musave muboka reavo vegakava…"*
*Korani 3:59 - 60*

Kana Jesu achinamatwa nokuda kwekuti akange asina baba, saka chokwadi Adhamu ndiye anofanira kunamatwa sezvo akavapo pasina kana mubereki mumwechete zvake.

## MINANA YA JESU

Jesu akazvarwa nenzira yemunana asina baba uyezve akaita minana mikuru kwazvo zvichiburikidza nekuda kwaMwari uye nemvumo yavo.Akataura ari kacheche achinunura amai vake avo vaipomerwa mhosva yehupombwe nevanhu. Korani rinotaura kuti Jesu akamutsa vakafa, akarapa vairwara nemaperembudzi uye nemapofu – zvese izvi nokuda kwaMwari.

Nyaya yekuti Jesu (Rugare Ngaruve Kwaari) akaita minana haireve kuti akange aine chimwe chinzvimbo kunze kwekuva Muranda waMwari anozvininipisa. Asi kutoti, Vatumwa vakawanda vakaita minana, vaitosanganisirawo Noah, Mosesi naMuhammad (Rugare Ngaruve Kwavari vose) uye minana iyi yakaitwa nemvumo yaMwari nekuda kuratidza huchokwadi hweMutumwa.

## SHOKO RA JESU

Vaporofita vemumatestamende ekare vakaita saAbrahamu, Noah uye naJonah havana kubvira vakaparidza kuti Mwari akange ari mumwe wevatatu, uye vakange vasingatende kuti Jesu ndiye mununuri wawo. Shoko ravo rakange riri nyore kwazvo, kuti kuna Mwari mumwechete, uye Iye chete ndiye anofanira kushumirwa. Hazvina pfungwa kuti titi Mwari, muzviuru zvemakore, akatumira Vaporofita neshoko rimwechetero, ozoerekana achinja avakuti ave mumwechete wevatatu, uye oraira vanhu kuti vatende muhumwari hwaJesu kuti vanunurwe.

Chokwadi ndechekuti, Jesu akaparidzira shoko rakafanana neravamwe Vaporofita vemutestamende rekare. Pane ndima yemuBhaibheri inonyatso tsanangudza shoko iri. Mumwe murume akauya kuna Jesu akabvunza kuti: "ndeupi mutemo wekutanga pamiraiiro yose?" Jesu akapindura achiti: "Mutemo wekutanga pane yose ndeuyu, 'Inzwai, Veduwe-e Israiri, Tenzi Mwari wedu, Tenzi mumwechete'…" (Mariko 12:2829-). Naizvozvo, mutemo mukuru, kutenda kunokosha zvikuru kwazvo maererano naJesu, kuti Mwari mumwechete. Dai Jesu akange ari Mwari angadai akataura achiti, 'Ndini Mwari, shumirai Ini'

Asi Iye akabva adzokorodza kutaura ndima yakange iri mutestamende rekare ichitsigira kuti Mwari mumwechete.

Au contraire, il n'a fait que réitérer un verset de l'Ancien Testament confirmant que Dieu est un.

*"Apo Jesu akaunza micherechedzo iri pachena, akataura kuti: '… Chokwadi, Mwari, ndiTenzi wangu uye Tenzi wenyu. Naizvozvo mushumirei iye oga. Iyoyi ndiyo nzira chete yakatwasuka…"*
*Korani 19:35*

Izvi ndizvo zvinoenderana nemharidzo dza Jesu, sekudzidziswa kwadzinoitwa muIslam, apo Jesu akatumwa kuvana veIsrairi kunotsigira shoko reVaporofita vakare – kutenda muhumwechete hwaMwari.

SeMutumwa anoremekedzeka uye anoteerera mitemo yaMwari, Jesu akagamuchira nokuda kwake mitemo yaMwari. Naizvozvo, akange ari mu "Muslim" – izvo zvinoreva munhu wese anenge agamuchira zviitiko nemitemo ya Mwari.

## JESU MU ISLAM

Jesu akange ari Muporofita anoremekedzeka akatumwa naMwari kunoparidzira vanhu kuti vashumire Mwari chete. Izvi zvine humboo muBhaibheri uye zvichitsigirwa neKorani. Chitendero cheIslam maererano naJesu chinotsanangudza kuti Jesu akange ari ani chaizvo, paine kutenda kwakarurama muna Mwari, Muhukuru hwake, muHumwechete hwake uye Mukunatsa kwake.

Tinokukokai kuti muve munonyatsoongorora Islam. Hachisi chimwewo chitendero chete. Asi imharidzo imwecheteyo yakaparidzirwa naNoah, Abrahamu, Mosesi, Jesu uye na Muhammad – rugare ngaruve kwavari vose ava. Islam zvinoreva 'kuzvipira nekuteerera Mwari' uye inzira yakakwana yehupenyu yatakazvarwa nayo inokurudzira munhu kuti aongorore hukama huri pakati paMwari nezvisikwa zvake. Islam inodzidzisa kuti Mwari anoyananisa, ane nyasha zhinji uye haadi kuzvipira iye pachake kuti akwanise kuregerera zvivi, kunyange iye munhu haazvarwe aine chivi. Mwari anotonga munhu wese zvichienderana nemabasa ake uye munhu wese achabvunzwa nezvemabasa aaiita.

Islam inotidzidzisa kuti tinofanira kuva nerudo navo

nekuremekedza Vaporofita vose vaMwari, asi kuva nerudo uye nekuvaremekedza hazvireve kuvashumira, nokuda kwekuti anofanira kushumirwa ndiMwari chete. Kutsigira kuti Jesu Muporofita waMwari uye kupinda kwako muIslam hazvireve kuti wachinja kana kuti wabuda kubva muChikristu. Asi kuti unenge uchidzokera kudzidziso nemharidzo chaidzo dzaJesu


***For more Islamic materials***

*Live chat and more:* ***www.islamtomorrow.com/***
*Many Islamic videos online:* ***www.thedeenshow.com***
*Free Islamic online books:* ***www.islamic-invitation.com/***
*Free of charge Islamic books:* ***www.islamic–message.net/cims/default.aspx***
*AHLAN : www.ahlan-group.com*
*www.facebook.com/Ahlan.Explore*


# JESU

## MUPOROFITA WA MWARI

## *MAMUSLIM VANE RUDO ♥ NA JESU*




Conveying Islamic Message Society
P.o.Box 834 - Alex - Egypt
E-Mail:info_fr@islamic-message.net
E-mail:cims_eg@yahoo.com
Site: www.islamic-message.net

No peut être vendu يُهدى ولا يُباع

عيسى علية السلام
نبى الله
باللغة الشونا